



Dosye Taksi ak Detantè Lisans TLC

**Yon Gid pou Pwosè W la nan
Divizyon Pwosè OATH la**

**Biwo Pwosè ak Odyans Administratif
(Office of Administrative Trials and Hearings)**
100 Church Street, 12th Floor, New York, NY 10007

Tab de Matyè

Dosye Taksi ak Detantè Lisans TLC Yo Tande Nan OATH.....	4
Èske Fò M Pran Avoka?	5
Kèk Definisyon Enpòtan:	5
Ki Kote Pou Mwen Ale?	6
Rive Alè	7
Èske W Ap Bezwen Entèprèt?	7
Kisa yo rele Konferans la?	8
Kisa yo rele Pwosè a?	9
Sa Ou Dwe Konnen Sou Sèten Dosye TLC Yo Tande Nan OATH.....	12
1. Dosye Arestasyon	12
2. Dosye Kondisyon	15
3. Dosye Konfòmite.....	18
4. Dosye Majorasyon.....	19
5. Dosye Plent Pasaje	20
6. Dosye Aksidan	22
Sèvis Avoka.....	23
Plis Enfòmasyon.....	24

Avètisman Enpòtan

Enfòmasyon ki pibliye la a fèt pou ede piblik ki enterese a, li pa fèt pou sèvi kòm konsèy nan zafè lalwa. Enfòmasyon sa yo pa gen okenn pèz jiridik epi yo pa baze sou presedan, e ou pa gen dwa ofri yo ni nan OATH ni nan lòt kote kòm ni fòs jijman ni presedan. Pa gen okenn deklarasyon ni garanti ki fèt oswa ki gen dwa dedui, ke enfòmasyon ki pibliye la a kòrèk oswa konplè, ni onivo tipografik ni nan sa li di an, epi OATH p ap responsab pou okenn bagay ki pa sa oswa ki pa konplè. An patikilye, pa gen okenn deklarasyon ni garanti ki fèt oswa ki gen dwa dedui ke règ, lwa, lòd, desizyon, oswa lòt sous jiridik ki sou Sit Entènèt sa a se sa oswa yo dekri konplètman la a, epi OATH p ap responsab pou okenn bagay ki pa sa oswa ki pa konplè. Itilizatè yo dwe gade sous jiridik ofisyèl yo pou detèmine lwa sou dwa ak obligasyon ak lwa sou pwosedi ki aplikab yo, sa gen ladan l sa ki ekri nan nenpòt règ, lwa, lòd, desizyon oswa lòt sous jiridik nou refere a yo la a.

Dosye Taksi ak Detantè Lisans TLC Yo Tande Nan OATH

OATH tande diferan kalite dosye Komisyon Taksi ak Limouzin nan (Taxi and Limousine Commission, TLC) pote. Dosye sa yo konsène lisans TLC bay chofè taksi jòn yo, chofè machin transpò pasaje peye yo, mèt plak yo, mèt baz yo, ak lòt moun ankò.

Dosye sa yo ka konsène TLC k ap wete yon lisans ak/oswa k ap egzije amann. Gen anpil vyolasyon ki otomatikman lakòz pwen sou yon lisans TLC tou. Vyolasyon ki fèt plizyè fwa ka ogmante **pwen** yo epi ka lakòz yon moun pèdi lisans TLC li. Men kèk egzanp akizasyon:

- ▶ Arestasyon yon chofè ki gen lisans TLC.
- ▶ Èske wi ou non yon chofè ki gen lisans TLC nan kondisyon pou li kondui (tès dwòg; kondanasyon kriminel; fwòd).
- ▶ Pa respekte lòd TLC yo.
- ▶ Fè pasaje yo peye twòp lajan pou kous yo.
- ▶ Plent nan men pasaje oswa lòt moun sou yon chofè ki te mal aji.
- ▶ Viktim aksidan ki vle pou yo mete lajan sou kote anvan mèt yon plak vann plak la.

Dosye sa yo pa konsène èske wi ou non ou ka kenbe lisans kondui Depatman Veyikil a Motè (Department of Motor Vehicles, DMV) Eta New York la te ba ou a.

Èske Fò M Pran Avoka?

Ou gen dwa parèt avèk yon avoka oswa yon reprezantan nan OATH. Ou gen dwa reprezante tèt ou nan OATH, men nou ankouraje ou anpil pou w pran yon avoka oswa yon reprezantan ki save pou ede ou avèk dosye ou genyen nan OATH la.

Ou dwe fè pwòp aranjman pa ou avèk yon avoka oswa yon reprezantan. Sa vle di ou responsab mande si l ap fè ou peye lajan. Ou pa dwe bliye nonplis pou w ba li tout avi sou pwosè OATH ou a.

Si ou gen yon dosye kriminel ki poko regle, fè avoka dosye kriminel ou a konnen ou gen yon pwosè nan OATH. Sa ou di nan yon pwosè OATH ka sèvi kont ou pi ta nan dosye kriminel ou a. Nou akouraje ou anpil pou w mande avoka dosye kriminel ou a pou li konseye ou sou dosye lisans OATH ou a oswa pou li rekòmande ou yon lòt avoka ki ka reprezante ou nan dosye lisans OATH ou a.

Kèk Definisyon Enpòtan:

► Kisa yo rele Sisponsyon an?

“**Sisponsyon**” vle di ou pèdi lisans TLC ou jiska yon sèten moman pi devan.

► Kisa yo rele Revokasyon an?

“**Revokasyon**” vle di ou pèdi lisans TLC w lan. Yo p ap janm re-ba ou li. Yon chofè ki gen lisans li ki revoke dwe tann yon sèten tan anvan li aplike devan TLC pou yon lòt lisans epi li dwe montre rezon sa yo ki fè lisans la te revoke a p ap egziste ankò. Si ou chwazi remèt lisans ou epi mande yon lòt, pa gen garanti TLC ap ba ou yon lòt lisans. Re-aplikasyon an se yon pwosesis separe ki fèt nan TLC. Li pa fèt nan **OATH**.


Ki Kote Pou Mwen Ale?

REMAK ENPÒTAN: GEN PLIZYÈ TRIBINAL KI OKIPE DOSYE KI GEN POU WÈ AVÈK TLC. VERIFYE W ALE BON KOTE A. Gid sa a SÈLMAN pou dosye Divizyon Pwosè OATH la tandè yo. Verifye papye ou yo pou wè si dosye w la se sou entènèt oswa an pèsonn. Si li se an pèsonn, ale nan adrès ki sou papye ou resevwa yo nan men TLC.

Yo gen dwa tandè dosye w la sou entènèt pa videyokonferans. W ap resevwa enstriksyon nan men OATH sou kijan pou w patisipe sou entènèt. Ou gen dwa mande yon odyans an pèsonn. Si jij la aksepte demann sa a, men adrès biwo OATH la:

Office of Administrative Trials & Hearings

100 Church Street, 12th Floor
New York, NY 10007



Nim. Tel.: (212) 933-3097

Imèl: OATHCalUnit@OATH.nyc.gov

Rive Alè



► Sa K Ap Rive Si Mwen An Reta?

Ou dwe alè pou pwosè w lan. Si ou an reta, pwosè a ka fèt san ou. Sa vle di jij la ta ka pwononse yon desizyon baze sèlman sou prèv TLC prezante yo. Si ou an reta poutèt blokis oswa reta nan transpò piblik, voye yon imèl oswa rele Inite Kalandriye OATH la (OATH Calendar Unit) pou fè li konn sa.

► Kijan Mwen Ka Ranvwaye pou yon Lòt Dat?

Si ou pa ka asiste yon konferans oswa yon pwosè ki planifye, ou dwe rele oswa voye yon imèl pou reprezantan TLC ki gen non li sou avi pwosè a ak OATH kou sa posib. Ni ou ni moun TLC a dwe sou tout apèl telefonik avèk jij OATH la. Ou ka mande jij la si ou ka vini nan OATH yon lòt dat si gen bon rezon pou sa. Yo rele sa ajounman. Ou ka mande plis tan si ou vle jwenn yon avoka oswa yon reprezantan oswa si ou gen yon lòt bon rezon pou retade pwosè a. Jij la ap mande avoka TLC a si li dakò ajounman an. TLC gen dwa dakò oubyen pa dakò pou gen reta. Jij la ap deside si wi ou non ou ka retounen yon lòt jou.



Èske W Ap Bezwen Entèprèt?

Si ou bezwen **entèprèt**, OATH ap bay youn gratis. OATH sèvi ak entèprèt nan telefòn. Yo pale sou yon opalè nan odyans sou entènèt ou a oswa nan konferans ou a oswa nan sal tribinal la si pwosè w la se an pèsonn.



Kisa yo rele Konferans la?

Anvan pwosè a kòmanse, gen yon jij k ap rankontre avèk ou ak yon moun nan TLC swa sou entènèt swa nan sal tribinal la pou wè si dosye a ka regle. Yo rele sa **konferans**.

- ▶ Ou te mèt vini nan konferans la avèk oswa san avoka oswa lòt reprezantan ou chwazi.
- ▶ Jij konferans la ap eksplike sa ki fèt nan OATH epi ap fè chita pale sou fason oumenm ak TLC ka regle dosye w la.
- ▶ Ou ka poze kesyon.
- ▶ Ou gen dwa regle dosye w la avèk TLC si ou vle, men ou pa oblije regle li. Se chwa pa w. Règleman an se yon bagay ki fèt lib e libè. Se toude bò yo ki pou dakò, oumenm ak TLC, pou règleman an ka fèt.
- ▶ Se swa oumenm swa TLC ki ka ofri kondisyon règleman yo. Oumenm ak TLC ka aksepte oswa refize òf yo. Jij la ap travay avèk toude bò yo pou wè si èske wi ou non gen kondisyon ki akseptab pou ni ou ni TLC.
- ▶ Men kèk **egzanp** diferan kondisyon règleman: remèt lisans la; amann; deklare tèt ou koupab, sa ki gen konsekans sou kantite pwen sou lisans TLC a; kou sou jesyon kòlè; restitasyon; sispansyon lisans la; abandon dosye a, avèk oswa san kondisyon; yo gen dwa leve sispansyon lisans la. Pa gen garanti w ap jwenn okenn kondisyon règleman presi. Sa yo se egzanp sèlman.
- ▶ TLC gen dwa mande yon temwen pleyan sa li panse de yon sèten règleman, men temwen an pa fè pati okenn règleman ki genyen ant TLC avè w.
- ▶ Si ou pa arive a yon règleman, ou ka gen pwosè w lan. Ou gen dwa a pwosè.

Kisa yo rele Pwosè a?



Kijan Mwen Ka Pare pou Pwosè mwen an?

- ▶ Si dosye w la pa regle nan konferans la, se yon lòt jij ki pral fè pwosè a. Pwosè a tankou yon pwosè nan tribinal.
- ▶ Jij la ap mande ou pou w voye nan yon imèl pou jij la ak avoka TLC a anvan dat pwosè w la tout dokiman oswa lòt prèv ou panse ki ka ede dosye w la. Jij la pral mande w tou pou w voye pa imèl lis temwen ou yo. Si pwosè w la se an pèsonn, voye pa imèl epitou pote dokiman ou yo ak lòt prèv yo nan sal tribinal la epi mennen temwen ou yo.
- ▶ Anvan dat pwosè w la, oumenm ak TLC ka mande youn lòt dokiman sou dosye w la. Demann sa yo dwe fèt pa ekri.
 - Paregzanp, ou ka mande kopi tout dokiman TLC pral montre jij la nan pwosè w la.
- ▶ Ou ka mande jij la tou pou li siyen yon dokiman ki rele yon **asiyasyon pou konparèt** ki pral egzije pou **temwen yo** vini nan pwosè w la. Ou ka mande pou yon asiyasyon ki egzije pou yon moun ba ou **dokiman** tou.
- ▶ Ou te mèt parèt nan pwosè a avèk oswa san avoka oswa lòt reprezantan ou chwazi an.

Kisa k ap Pase Pandan Pwosè mwen an?

- ▶ Ni ou ni TLC gen dwa fè **prezantasyon ka**. Yon prezantasyon ka se yon rezime sa ou gen lentansyon pwouve a.
- ▶ Apre sa TLC pral prezante prèv epi rele temwen pou temwaye. Temwen yo ap prete sèman. Sa vle di y ap sèman pou yo di laverite.
- ▶ Avoka TLC a ap mande temwen yo kesyon **dirèk** sou sa ki te pase a.

- Se kesyon repons lib tankou, “Kiyès, Kisa, Kilè, Ki kote, Kijan? Kisa ou te wè? Kisa ou te tandè? Kisa ou konnen?”
- ▶ Apre sa ou gen dwa poze temwen ke TLC rele yo nan plas temwen an kesyon. Yo rele sa **kont-entèwogatwa**.
 - Gen dwa gen kesyon **ki sijere repons** ki mande temwen an pou li reponn wi oubyen non pou yon bagay ou di. Kesyon sa yo ka kòmanse, paregzanp, avèk “Èske se pa vre. . . . ?” Oswa kesyon ki sijere repons ka fini avèk mo tankou, “. . . èske se pa kòrèk?” oswa “. . . , pa vre?”
- ▶ Lè TLC fin prezante prèv li yo, alòs se tou pa ou pou ofri prèv, rele temwen, epi prezante tout agiman jiridik yo. Temwen ou yo ap sou sèman tou. Ou ka poze temwen ou yo kesyon **dirèk**.
- ▶ Lè ou fini ak kesyon ou yo, lè sa a TLC gen dwa **entèwoje** temwen ou yo.
- ▶ Si ou parèt san avoka, epi ou temwaye, jij la ap fè ou prete sèman epi apre sa mande ou pou w fè deklarasyon w lan sou sèman.
- ▶ Jij la gen dwa poze oumenm oswa nenpòt temwen kesyon.
- ▶ Ou gen dwa temwaye. W ap sou sèman pou w di laverite, menm jan ak tout lòt temwen yo. Apre sa avoka TLC a ka poze ou kesyon.
- ▶ Finalman, toude bò yo gen dwa fè **konklizyon final**. Yon konklizyon se rezime sa ou panse ou pwouve a. Ou ka mande jij la rezilta ou vle a.

Kisa k ap Fèt Apre Pwosè a?

Nan pifò ka yo, jij la ap voye yon rapò ak rekòmandasyon bay Prezidan TLC a, ki pral pran desizyon final la sou dosye w lan. Men sa l ap sanble:

Taxi & Limousine Comm'n v. John Doe
OATH Index No. 9999/08 (March 20, 2008)

Respondent driver did not assault passenger, but did use profanity.
ALJ recommends dismissal of charge one and penalty on charge two.

**NEW YORK CITY OFFICE OF
ADMINISTRATIVE TRIALS AND HEARINGS**

In the Matter of
TAXI AND LIMOUSINE COMMISSION
Petitioner
-against-
JOHN DOE
Respondent

REPORT AND RECOMMENDATION

MONICA MASON, *Administrative Law Judge*

This license revocation proceeding was referred by petitioner, the Taxi and Limousine Commission, pursuant to the New York City Administrative Code and the Taxi and Limousine Commission's For Hire Vehicle Rules. Respondent John Doe, a licensed for hire driver, is charged with assaulting, verbally harassing, and unlawfully imprisoning a passenger, as well as destroying the passenger's property, in violation of the For Hire Vehicle Rules, 35 RCNY, sections 6-18(f), (i), and (d)(2) (Pet. Ex. 1).

- ▶ W ap resevwa kopi rapò ak rekòmandasyon an pa lapòs ak/oswa pa imèl.
- ▶ Desizyon jij la ap afiche sou entènèt tou ak sou sit entènèt OATH la: ["Search Decisions" \(Chèche Desizyon\) - OATH \(nyc.gov\)](https://www.oath.nyc.gov/search-decisions).
- ▶ Ou gen dwa fè kòmantè ekri bay Prezidan TLC a anvan Prezidan an pran desizyon final la.
- ▶ Si TLC pran desizyon kont ou, ou gen dwa fè apèl desizyon final TLC a devan Lakou Siprèm Eta New York la.
 - Gen yon eksepsyon: Nan ka yon pasaje oswa yon konsomatè plenyen, ou dwe fè apèl toudabò devan Komisyon an okonplè anvan w ale devan Lakou Siprèm Eta New York la.

Sa Ou Dwe Konnen Sou Sèten Dosye TLC Yo Tande Nan OATH

1. Dosye Arestasyon



Si lapolis arete ou, TLC ap resevwa nan men eta a yon avi k ap fè li konnen yo te arete ou. TLC gen dwa kòmanse pa sispann lisans ou, epi apre sa ba ou yon pwosè nan OATH. TLC ka fè sa dapre règ li yo ak poutèt li sousye li de sekirite piblik. Si yo sispann lisans ou poutèt yo te arete ou, ou gen dwa a yon pwosè pou ede fè yo re-ba ou lisans ou.

Kisa K Ap Pase nan Pwosè Mwen an Si Mwen Pa Regle Dosye a?

- ▶ TLC gen dwa montre jij la kopi avi arestasyon an ak lòt dokiman pou pwouve yo te arete ou pou akizasyon ki ekri sou pape sa a.
- ▶ Kesyon an nan ka sa a se èske lisans ou an ap rete sispann jiskaske dosye kriminel la fini. Jij la ap fè yon rapò ak rekòmandasyon bay TLC sou sa. Li ta bon pou w konsilte avèk avoka dosye kriminel ou a anvan ou parèt devan OATH, sitou si akizasyon kriminel yo poko fin regle.
- ▶ TLC dwe pèsyade jij la akizasyon ki alabaz arestasyon w lan, si yo konsidere yo vre, demontre ke si yo kite ou kenbe lisans la pandan w ap tann desizyon sou akizasyon kriminel yo **“sa ap poze yon gwo menas dirèk pou lasante oswa sekirite piblik.”**
 - Paregzanp, TLC gen dwa prezante kòm agiman akizasyon kondui tou sou oswa akizasyon atak gen anpil rapò avèk djòb kondui manm piblik la sou wout piblik.
- ▶ Ou ka bay vèsyon pa ou de istwa a oswa fè avoka ou bay li pou ou.

Èske Mwen Dwe Sèvi ak Prèv?

- ▶ Se chwa pa w. Ou dwe deside ki prèv w ap prezante.
- ▶ Pami lòt bagay, ou gen dwa ofri prèv ki montre:
 - a) Fè ak sikonstans espesyal ki alabaz akizasyon kriminèl yo, sa gen ladan l rapò ant enfraksyon yo di ou komèt la avèk devwa ak responsabilite ou kòm chofè ki gen lisans TLC
 - Kisa ki te pase lè yo te arete w la?
 - Èske se oumenm moun yo te arete a?
 - Èske se toutbon yo te akize ou de krim TLC di yo akize w de yo a?
 - Èske yo te redui oswa anile akizasyon yo apre arestasyon an?
 - b) Dosye chofè ou, sa gen ladan l tout vyolasyon grav ou te komèt oswa sispansyon lisans ou te genyen selon règ TLC yo oswa sa lalwa prevwa ki aplikab nan sa ki gen pou wè avèk sikilasyon oswa machin ki gen lisans TLC
 - c) Ansyen dosye kriminèl ou, oswa lefètke ou poko janm gen dosye kriminèl,
 - d) Moralite ou ak pozisyon ou nan kominote a, ak
 - e) Nenpòt lòt prèv ki gen pou wè ak èske si wi ou non retabli lisans ou pandan akizasyon kriminèl ou yo poko fin regle ta poze yon gwo menas dirèk pou lasante oswa sekirite piblik. Ou gen dwa gen lòt enfòmasyon sou arestasyon an ou vle pou jij la konnen.

***** Si ou konnen akizasyon kriminèl yo pral redui oswa anile, di avoka TLC a sa, lè sa a li ka reflechi sou èske wi ou non l ap leve sispansyon lisans ou a.*****

Èske Mwen Ta Dwe Temwaye?

- ▶ Ankò, se chwa pa ou. Ou gen dwa gen yon desizyon difisil pou pran, èske w ap temwaye oswa pa temwaye.
- ▶ Li pi bon pou konsilte yon avoka sou desizyon èske w ap temwaye oswa pa temwaye nan pwosè OATH ou a.
- ▶ Ou gen dwa dapre Senkyèm Amannman Konstitisyon an pou w pa temwaye si temwayaj ou a ta gen tandans montre ou koupab yon krim.
- ▶ Men si ou chwazi pa temwaye nan OATH, jij OATH la gen dwa konkli silans ou an vle di temwayaj ou a pa t ap an favè ou -- ou dakò sa TLC di a.
- ▶ **Tout temwayaj ou bay nan OATH ka sèvi kont ou nan dosye kriminèl ou a.**
- ▶ Menm si yo pa ka repwoche ou dèskè ou pa temwaye nan dosye **kriminèl** ou a, pwosè sou sispanasyon nan OATH la pa parèy. Pwosedi nan OATH yo se pwosedi **sivil**, administratif.
- ▶ Si ou temwaye, deklarasyon ou yo ap fèt sou sèman.

Kisa K ap Rive Apre Pwosè Mwen An?

- ▶ Jij la ap bay yon Rapò ak Rekòmandasyon.
- ▶ Ou gen dwa pou w depoze devan TLC kòmantè ekri sou Rapò ak Rekòmandasyon an.
- ▶ TLC ap pran yon desizyon final.
- ▶ Si TLC pran desizyon kont ou, lisans ou an ap rete sispann.
- ▶ Si se ou ki genyen, TLC gen dwa retabli lisans ou a.

2. Dosye Kondisyon

Dosye kondisyon yo nòmalman gen ladan yo posibilite pèdi yon lisans TLC lè TLC fin deklare:



- ▶ Chofè a pa pase yon tès dwòg.
- ▶ Yon kondanasyon kriminel; oswa
- ▶ Fwòd.

Anvan yo pran lisans TLC w lan, ou gen dwa a yon pwosè sou kondisyon.

Kisa K Ap Pase nan Pwosè Mwen an Si Mwen Pa Regle Dosye a?

- ▶ **Èske Yo Te Akize Ou de Pa Pase yon Tès Dwòg?**
 - Nan pwosè a, TLC gen dwa depoze prèv tès dwòg pozitif la pou eseye montre oute pran dwòg ilegal donk ou pa ta dwe gen yon lisans TLC.
 - TLC dwe pèsyade jij la tès dwòg pozitif la fè ou pa nan kondisyon pou gen lisans TLC.
 - Ou ka bay vèsyon pa ou de istwa a oswa fè avoka ou bay li pou ou.

Èske Mwen Dwe Sèvi ak Prèv?

- ▶ Si w ap pran medikaman sou òdonans ki gen dwa lakòz tès dwòg pozitif la, ou dwe voye kopi òdonans yo touswit bay sèvis egzamen medikal la jan yo ba ou enstriksyon pou sa nan avi ou te resevwa nan men TLC a.
- ▶ Si sèvis egzamen medikal la rapòte medikaman sou òdonans la pa t bay tès pozitif la, pwosè a ap siman kontinye.
- ▶ Si sèvis egzamen medikal la rapòte medikaman sou òdonans la te lakòz rezilta tès pozitif la, TLC gen dwa re-evalye dosye w la. (Li posib, dapre òdonans la, pou òdonans la rezoud dosye a.)
- ▶ Ou gen dwa pou w egzaminen rapò laboratwa a nan yon dosye tès dwòg pou verifye ou se menm moun yo te fè tès sou li a epi yo te suiv pwosedi yo nan laboratwa a.
- ▶ Ou ka deside si wi ou non ou vle eksplike jij la sa ou panse ki fè tès ou a te pozitif pou dwòg ilegal.
- ▶ Ou ka bay vèsyon pa ou de istwa a oswa fè avoka ou bay li pou ou.

Èske Yo Te Akize Ou Dèske Ou Gen yon Kondanasyon Kriminèl?

- TLC gen dwa depoze prèv yon kondanasyon kriminèl.
- TLC dwe pèsyade jij la kondanasyon kriminèl ou a fè ou pa nan kondisyon pou gen yon lisans TLC.
- Di jij la sa si ou konnen yo kase kondanasyon w lan nan apèl.
- Ou gen dwa fè jij la konnen konbyen tan ki pase depi kondanasyon w lan epi èske wi ou non gen kwakseswa ki chanje nan lavi ou depi lè sa a.
- Ou ka bay vèsyon pa ou de istwa a oswa fè avoka ou bay li pou ou.

Èske Yo Te Akize ou de Fwòd?

- TLC gen dwa eseye pwouve papye idantifikasyon ou yo fo oswa ou te sèvi ak lisans yon lòt chofè, epi zafè malonèt fè ou pa nan kondisyon pou gen yon lisans TLC.
- Dosye fwòd yo ka gen ladan yo yon chofè ki depoze fo papye idantifikasyon, oswa ki sèvi ak yon lisans ki pou yon lòt moun poutèt chofè a an sispansyon oswa li pa ka bay bonjan idantifikasyon.
- Gen dwa gen erè sou kiyès ki kiyès. Si se sa, ou ka eksplike sa nan pwosè w la. Ou ka mennen temwen ki konnen ou tou.
- Ou ka bay vèsyon pa ou de istwa a oswa fè avoka ou bay li pou ou.

Kisa K ap Rive Apre Pwosè Mwen An?

- ▶ Jij la ap bay yon Rapò ak Rekòmandasyon.
- ▶ Ou gen dwa pou w depoze devan TLC kòmantè ekri sou Rapò ak Rekòmandasyon an.
- ▶ TLC ap pran yon desizyon final.
- ▶ Si TLC pran desizyon kont ou, yo gen dwa revoke oswa sispann lisans ou, epi TLC gen dwa enpoze lòt penalite ak/oswa amann. Yo gen dwa mete pwèn sou ou nan sèten ka.
- ▶ Si ou genyen pwosè a epi TLC dakò avèk rekòmandasyon jij la, yo p ap pran lisans ou.

3. Dosye Konfòmite

Dosye konfòmite yo nòmalman gen ladan yo deklarasyon yon chofè oswa mèt yon plak oswa mèt yon baz pa t suiv enstriksyon TLC te bay. Paregzanp:



- ▶ Pa bay enfòmasyon sou yon kous oswa yon depasman,
- ▶ Pa bay dokimantasyon TLC oswa ajans fòs de lòd te mande,
- ▶ Pa peye yon ti reklamasyon oswa lòt jijman nan tribiinal,
- ▶ Pa vini nan yon entèvyou avèk TLC, oswa
- ▶ Pa bay enfòmasyon sou lajan w ap peye pou okipe timoun.

Anvan yo sispann lisans TLC w la ou gen dwa a yon pwosè.

Èske Mwen Dwe Sèvi ak Prèv?

- ▶ Pote dokimantasyon nan pwosè a si ou gen papye ki montre ou deja suiv oswa ou pral suiv enstriksyon TLC a.
- ▶ Ou ka bay vèsyon pa ou de istwa a oswa fè avoka ou bay li pou ou.

Kisa K ap Rive Apre Pwosè Mwen An?

- ▶ Jij la ap bay yon Rapò ak Rekòmandasyon.
- ▶ Ou gen dwa pou w depoze devan TLC kòmantè ekri sou Rapò ak Rekòmandasyon an.
- ▶ TLC ap pran yon desizyon final.
- ▶ Si TLC pran desizyon kont ou, yo gen dwa sispann lisans ou, epi TLC gen dwa enpoze amann ak pwen sou lisans TLC w la.
- ▶ Si ou genyen pwosè a epi TLC dakò avèk rekòmandasyon jij la, yo p ap pran lisans ou.

4. Dosye Majorasyon

Dosye majorasyon yo gen ladan yo revokasyon oswa sispansyon yon lisans TLC poutèt ou fè pasaje yo peye tarif andeyò vil pou kous ki kòmanse ak fini nan vil la, oswa pou nenpòt lòt kalite majorasyon. Pasaje yo gen dwa plenyen devan TLC gen yon chofè ki gen lisans TLC ki te fè yo peye twòp lajan.



Anvan yo pran lisans TLC w la ou gen dwa a yon pwosè.

Kisa K Ap Pase nan Pwosè Mwen an Si Mwen Pa Regle Dosye a?

- ▶ TLC gen dwa sèvi ak done òdinatè GPS pou eseye montre ou te fè pasaje yo peye twòp lajan.
- ▶ Genyen nan dosye sa yo ki konsène tarif ki sou kontè a. Tarif deyò vil la rele “Tarif 4.”
- ▶ Ou ka gade done GPS yo pou wè si yo parèt kòrèk dapre ou. Si ou panse ou wè erè, ou ka atire atansyon jij la sou yo.

- ▶ Yon avoka ka ede ou konnen si ou gen lòt baz pou lite kont akizasyon an.
- ▶ Ou ka bay vèsyon pa ou de istwa a oswa fè avoka ou bay li pou ou.

Kisa K ap Rive Apre Pwosè Mwen An?

- ▶ Jij la ap bay yon Rapò ak Rekòmandasyon.
- ▶ Ou gen dwa pou w depoze devan TLC kòmantè ekri sou Rapò ak Rekòmandasyon an.
- ▶ TLC ap pran yon desizyon final.
- ▶ Si TLC pran desizyon kont ou, yo gen dwa revoke oswa sispann lisans ou, epi TLC gen dwa enpoze lòt penalite ak/oswa amann. Yo gen dwa pran pwèn sou ou nan sèten ka.
- ▶ Si ou genyen pwosè a epi TLC dakò avèk rekòmandasyon jij la, yo p ap pran lisans ou.



5. Dosye Plent Pasaje

Dosye plent pasaje yo nòmalman gen ladan yo deklarasyon manm piblik la oswa reprezantan TLC ki di yon chofè arase yo avivwa, menase yo, oswa atake yo.

Anvan yo pran lisans TLC w la ou gen dwa a yon pwosè.

Kisa K Ap Pase nan Pwosè Mwen an Si Mwen Pa Regle Dosye a?

- ▶ Nòmalman, moun ki plenyen an pral temwaye nan pwosè a sou sa ki te pase a.

- ▶ Ou gen dwa pou w temwaye epi bay vèsyon pa ou de istwa a oswa fè avoka ou bay li pou ou.
- ▶ TLC dwe pèsyade jij la si ou kenbe lisans ou a sa **prezante yon menas pou lasante oswa sekirite piblik**.
- ▶ Si gen yon dosye kriminel kont ou tou, ou dwe deside èske wi ou non w ap temwaye. Se chwa pa w. Li pi bon pou w mande yon avoka ede ou avèk desizyon sa a.
- ▶ Ou gen dwa tou pou w poze temwen ki plenyen yo ak lòt temwen TLC yo kesyon si yo temwaye.

Kisa K ap Rive Apre Pwosè Mwen An?

- ▶ Jij la ap bay yon Rapò ak Rekòmandasyon.
- ▶ Ou gen dwa pou w depoze devan TLC kòmantè ekri sou Rapò ak Rekòmandasyon an.
- ▶ Prezidan TLC a ap pran yon desizyon final.
- ▶ Ou gen dwa pou w fè apèl desizyon Prezidan an devan Komisyon an okonplè.
- ▶ Si TLC pran desizyon kont ou, yo gen dwa revoke oswa sispann lisans ou, epi TLC gen dwa enpoze lòt penalite ak/oswa amann. Yo gen dwa mete pwèn sou ou nan sèten ka.
- ▶ Si ou genyen pwosè a epi TLC dakò avèk rekòmandasyon jij la, yo p ap pran lisans ou.

6. Dosye Aksidan

Dosye aksidan yo nòmalman gen ladan yo yon mèt plak ki transfere oswa vann plak la a yon sèten moman apre yon aksidan taksi a te fè.



- ▶ Yon pasaje, yon pyeton, oswa yon lòt chofè gen dwa ap fè reklamasyon pou chòk yo pran nan kò yo.
- ▶ Dapre lalwa, TLC pa kapab otorize pou yo vann yon plak toutotan poko gen egzamen ki fèt sou èske wi ou non dwe gen lajan ki mete sou kote (nan sa yo rele yon kont “depo garanti”) pou yon moun ki pran chòk nan yon aksidan -- pou sizoka asirans mèt machin nan pa kont pou peye moun ki pran chòk nan aksidan an.
- ▶ Jij OATH la pral deside montan lajan pou yo mete sou kote a.
- ▶ Montan an ka zewo oswa piplis.
- ▶ Nan pwosè a pati yo dwe bay prèv sou ki chòk yo te pran ak sou ki montan yo ka vo nan yon dosye chòk nan kò.
- ▶ Nòmalman, pati yo ka regle dosye sa yo lè yo mete yo dakò sou yon montan depo garanti. Gen dwa gen lòt kondisyon règleman ki posib.
- ▶ Si dosye a ale nan pwosè, jij la ap pran yon desizyon final, yo ka fè apèl li devan Lakou Siprèm Eta New York.

Sèvis Avoka

OATH PA BAY KONSÈY JURIDIK EPI LI PA REKÒMANDE OKENN AVOKA OSWA ÒGANIZASYON AN PATIKILYE.

Si ou gen yon dosye kriminèl ki poko regle, n ankouraje ou anpil pou w mande avoka dosye kriminèl ou a pou li konseye ou sou dosye lisans OATH ou a oswa pou li rekòmande ou yon lòt avoka ki ka reprezante ou nan dosye lisans OATH ou a.

Li ta bon pou w ta kontakte asosyasyon bawo oswa founisè sèvis èd jidisyè ki bò lakay ou a pou wè si ou ka jwenn yon avoka k ap pran dosye w la gratis oswa pou yon pri negosye. Pi ba la a nou bay yon lis pasyèl òganizasyon sèvis jidisyè ak sèvis rekòmandasyon kòm sèvis piblik.

W ap jwenn yon lis ki gen plis opsyon ladan l tache ansanm ak gid sa a. Tanpri gade lis ki tache a.

Ou te mèt eseye rele nimewo yo oswa voye imèl pou kontak sa yo nou mete pi ba la a:

Legal Aid Society

Telefòn: 212-577-3300 oswa 212-577-3398

- Legal Aid Society ofri sèvis avoka gratis pou kliyan ki gen revni fèb epi ki kalifye yo.

Sèvis Referans Asosyasyon Bawo a

Li ta bon pou w kontakte asosyasyon bawo ki bò lakay ou a epi mande si li posib pou yo rekòmande ou resous jiridik. Paregzanp, ou gen dwa rele oswa voye yon imèl pou:

Asosyasyon Bawo Vil New York la (New York City Bar Association)

Sit entènèt: <https://www.nycbar.org/get-legal-help/>

Telefòn: (917)-634-3609 / (212)-626-7374 (an panyòl)

Imèl: lrs@nycbar.org

Fòmilè demann anliy:

<https://nycbar.intouchondemand.com/lrisrequest/nycrequestform.aspx>

An panyòl: Formulario de Referido – Solicite a un Abogado

(<https://www.nycbar.org/get-legal-help/es/>)

Yon manm pèsonèl la ki se avoka oswa asistan jiridik ap reponn telefòn nan epi ede ou jwenn yon fason pou okipe pwoblèm ou genyen nan kad lajistis la. Ou p ap peye anyen pou w pale avèk avoka a oswa avèk manm pèsonèl Asosyasyon Bawo Vil la (City Bar Association), men avoka yo rekòmande w la gen dwa mande ou peye lajan.

Ou ka jwenn avoka ki se manm pèsonèl la nan (212) 626-7373.

Plis Enfòmasyon

Si Ou Pa Gen ni Avoka ni Reprezantan:

OATH ap ba ou chans pale ak yon Kowòdonatè Pwosedi Lajistis nan OATH ki ka ba ou enfòmasyon ak resous nan zafè lajistis pou ede ou pare pou dosye w la. Moun sa yo ka ba ou enfòmasyon sou pwosesis odyans la, opsyon ki disponib pou ou yo, epi reponn kesyon ou genyen yo. Moun sa yo pa ka ba ou konsèy nan zafè lajistis. Tout randevou yo dwe tonbe anvan jou odyans ou a. Gen sèvis lang etranje ki disponib gratis sou demann.

- Pou pran randevou avèk yon moun nan Sant Èd (Help Center) OATH la, tanpri voye yon imèl nan lyen sa a:

[Voye yon Imèl pou Sant Èd la](#) oswa rele nou nan (212) 436-0845 anvan konparisyon yo planifye pou ou nan OATH la.

- Ou ka li plis sou OATH epi gade presedan ak règ yo lè ou ale nan: <https://www.nyc.gov/site/oath/trials/overview.page>
- Ou ka jwenn desizyon OATH yo gratis tou nan [Bibliyotèk sou Entènèt CityAdmin nan \(CityAdmin Online Library\)](#). Apre sa klike sou “OATH Trials” (Pwosè OATH yo) epi desann pou tape mo ou vle chèche yo pou jwenn dosye yo.
- Ou ka li plis enfòmasyon sou TLC sa gen ladan l règ TLC yo lè w ale sou sit entènèt TLC a: www.nyc.gov/taxi

Èd Jidisyè

Ou gen dwa pou w parèt avèk yon avoka oswa yon lòt reprezantan ou chwazi pou li ede ou. Ou te mèt chwazi yon avoka oswa yon lòt reprezantan nan bawo prive a oswa ou te mèt chèche reprezantasyon bon mache oswa gratis. OATH pa afilye avèk okenn avoka oswa òganizasyon epi li pa rekòmande okenn. W ap jwenn pi ba a yon lis avoka ladefans piblik ki gen dwa, si yo disponib, reprezante chofè ki gen lisans TLC ki gen lisans yo ki te sispann apre yon arestasyon, ak yon lis asosyasyon bawo ak lòt sèvis rekòmandasyon avoka.

Sèvis Avoka

Si yon chofè TLC yo arete gen youn nan avoka pou moun pòv yo ki reprezante li, men kowòdone moun yo nan chak òganizasyon ki gen dwa disponib pou ede nan yon dosye sispansyon lisans TLC.

Chak òganizasyon gen dwa disponib pou reprezante yon chofè sèlman si li deja reprezante chofè a nan yon dosye kriminel. Si ou konn non avoka ladefans piblik yo mete sou dosye kriminel ou a, ou dwe kontakte avoka w la pa imèl oswa nan telefòn epi mande li ede ou jwenn lòt avoka nan menm kabinè a ki ka ede nan dosye lisans oswa nan dosye sezi machin ou an. Pi bon fason pou kontakte òganizasyon sa yo ki pi ba a se pa imèl:

Kowòdone sa yo **SE PA** ni pou sispansyon poutèt tès dwòg ni pou dosye plent pasaje.

The Bronx Defenders

Gillian Stoddard Leatherberry
Imèl: gillians@bronxdefenders.org
Civil Action Practice
360 East 161st Street
Bronx, NY 10451
Telefòn: (347) 842-2484
Kabinè Prensipal: (718)-838-7878

Brooklyn Defender Services

Imèl: employment@bds.org
177 Livingston Street, 7th Floor
Brooklyn, NY 11201
Telefòn: (718) 254-0700

The Legal Aid Society

Worker Justice Project
Imèl: workerjustice@legal-aid.org
Telefòn: (888)-663-6880

Neighborhood Defender Services

317 Lenox Avenue
New York, NY 10027
Imèl: Civilsups@ndsny.org
Telefòn: (212) 876-5500

Queens Defenders

David Byrne

Imèl: dbyrne@queensdefenders.org

Telefòn: (917)-703-4103

Si yon moun pa gen okenn nan defansè ki pi wo la a ki reprezante li deja, li ta bon pou li kontakte:

The Legal Action Center

Sant la ap reflechi sou reprezante chofè taksi k ap chèche èd nan dosye sispanasyon lisans kont chofè yo te arete andedan Eta New York, sa gen ladan l Vil New York. K.B. White, Esq., se pwen kontak la nan **212- 243-1313** oswa nan kwhite@lac.org.

Pou pwosè ki konsène tès dwòg yo ak pwosè arestasyon yo ki enplike yon lisans TLC yo sispann soulechan:

Mobilization for Justice

Telefòn: (212) 417-3700

Asosyasyon Bawo ak Lòt Sèvis Rekòmandasyon

Anplis de sa, asosyasyon bawo yo ak lòt òganizasyon gen dwa ede ou jwenn reprezantasyon devan lajistis. Asosyasyon sa yo, ki pa afilye avèk OATH, gen dwa kapab bay rekòmandasyon pou avoka oswa lòt reprezantan gratis oswa bon mache:

Asosyasyon Bawo Vil New York la (New York City Bar Association)

<https://www.nycbar.org/get-legal-help/>

Telefòn: (917)-634-3609 / (212)-626-7374 (an panyòl)

Imèl: irs@nycbar.org

Fòmilè demann sou entènèt:

<https://nycbar.intouchondemand.com/Irisrequest/nycrequestform.aspx>

An panyòl: [Formulario de Referido – Solicite a un Abogado \(nycbar.org\)](#)

Asosyasyon Bawo Brooklyn

<https://brooklynbar.org/lawyer-referral-service/>

Telefòn: (718)-624-0843 / (718)-624-0843 (an panyòl)

Asosyasyon Bawo Konte Bronx (Bronx County Bar Association)

<https://www.bronxbar.com/?pg=ReferralServices>

An pèsonn:

851 Grand Concourse, Room 124

Bronx, N.Y. 10451

Imèl: info@bronxbar.com

Telefòn: (718)-293-5600

Asosyasyon Bawo Konte Queens (Queens County Bar Association)

<https://qcba.org/attorneys/lawyer-referral-service/>

Imèl: info@qcba.org

Telefòn: (718)-291-4500

Asosyasyon Bawo Konte Richmond (Richmond County Bar Association)

<https://www.thercba.com/rcba-member-resources>

Imèl: rcbaweb@gmail.com

Telefòn: (718)-422-4500

Asosyasyon Bawo Eta New York la (The New York State Bar Association)

<https://nysba.org/new-york-state-bar-association-lawyer-referral-service/>

Imèl: irs@nysba.org

Telefòn: (800)-342-3661

Alyans Chofè Taksi New York yo (New York Taxi Workers Alliance)

www.nytwa.org

Telefòn: 718-706-9892

31-10 37th Avenue, Suite 300, Long Island City, NY 11101